DINAS KEBUDAYAAN
(Kundha Kabudayan)
Daerah Istimewa Yogyakarta

TABLOID Remaja
ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ
BERAKSARA JAWA

ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ

Cipta Dongeng 2021
Berhadiah PULUHAN JUTA Rupiah
ditutup 30 Juni 2021

Sayembara Serat 2021
Berhadiah PULUHAN JUTA Rupiah
ditutup 31 Juli 2021

Sĕngkalan Lomba Mĕmĕt 2021
Berhadiah PULUHAN JUTA Rupiah
ditutup 31 Agustus 2021

LINK informasi Lomba

https://kongresaksarajawa.id/sayembara/
https://budaya.jogjaprov.go.id/pengumuman/detail/147-cipta-dongeng-2021
https://budaya.jogjaprov.go.id/pengumuman/detail/seleksi

ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ • ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ • ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ

ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ • ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ • ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ

DINAS KEBUDAYAAN
(Kundha Kabudayan)
Daerah Istimewa Yogyakarta

ISSN 2798-1770

TABLOID Remaja
ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ
BERAKSARA JAWA

Edisi Juli, 2021 M ꦢꦶꦲꦶꦢꦸꦤꦶꦫꦸꦮꦸꦤꦶꦤꦺꦲꦤꦶ

ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ ꦲꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ

ARTIKEL KITA
ꦲꦤꦶꦏꦸꦲꦶꦠꦤꦺꦏꦱꦫꦗꦮ
Ki Sutatmo Bukit Bangkel

Trending Topik Kita
ꦠꦺꦱ꦳ꦠꦺꦱ꦳ꦠꦺꦱ꦳
ꦭꦶꦤꦺꦩꦱꦶꦱꦠꦺꦱꦠꦺꦤꦺꦱꦺꦱ
Pembelajaran Jarak Jauh

Pĕpéling Jawa Kita
ꦥꦺꦤꦺꦥꦺꦤꦺꦭꦶꦗꦮꦏꦶꦠꦏꦺꦱꦏꦺꦱꦲ
Jaga Jarak Nglawan Corona

Cerpen
ꦠꦺꦱꦱꦶꦩꦱꦺꦤꦢꦺꦤꦢꦺꦤ
Balas Dendam

BONUS
ꦠꦺꦱꦱꦶꦩꦱꦺꦤꦢꦺꦤꦢꦺꦤ
POSTER ANAK
UNTUK ADIK

ISSN 2798-1770

Sambutan

KONGRÈS Aksara Jawa I taun 2021 sampun dipunadani lan kalampah rancak. Parěpatan lan pirěmbagan agěng punika sampun nuwuhakěn katětěpan ingkang kaangkah badhé daměl pangrěmbakanipun aksara Jawa ing běbrayan agung. Těgěsipun badhé daměl panjurung agěng tumrap anggènipun sami ngagěm aksara Jawa kanggé sambung tulis ing gěsang padintěnan déning warga masarakat lan paměrintah.

Kundha Kabudayan DIY ingkang kajibah ngěesuhi lumampahing konggrés inggih sampun caos panjurung dhumatěng para sarjana nimpuna, para winasis parampara, para dwijatama, para paměngku lan pamangku aksara Jawa, saking tlatah sainděnging Nusantara paring pamědhar sabda, paring wawasan lan pěnggalihan, panyaruwé wontěn ing parěpatan lan pirěmbagan mirunggan babagan aksara Jawa.

Kundha Kabudayan DIY ngaturakěn agěnging panuwun dhumatěng sědaya kadang panitia kongrès, para pamědhar sabda, lan para pasarta saking laladan DIY, Indonesia, lan manca nagari ingkang sampun těměn paring wawasan, pěngalaman, lan pěmanggih éngga kongrès lumampah rancak lan katětěpanipun murakabi dhumatěng majěnging budaya, mliginipun tumrap aksara Jawa ing gěsang padintěnan.

Sědaya katětěpan Kongrès Aksara Jawa badhé tansah kaudi supados sagěd mawujud. Kanthi měnika, Kundha Kabudayaan DIY tansah tumut ngudi supados wontěn program lan kěgiatan ingkang jumurung dhumatěng amanah katětěpan kongrès. Aksara Jawa lan basa Jawa kědah tansah kaudi lěstantun, ngrěmbaka, lan sagět saya ngandělakěn jatidhiri masarakat. Aksara Jawa ugi kinarya pratandha lan pěrbawa agěng tumrap lumampahing budaya, awit bangsa luhung tartamtu kagungan aksara tumrap basanipun. Aksara Jawa sagět kinarya pusaka bangsa. Tabloid Remaja Carakita wědalan nomer setunggal taun 2021 mbabar asiling konggres lan ugi cakcakaning panyěratan akasara Jawa, kanthi rubrik-rubrik ingkang ngrěměnakěn para mudha. Matur Nuwun.

Aris Eko Nugroho, S.P. M.Si.
Plt Kepala Dinas Kebudayaan DIYogyakarta

Susunan Redaksi :
Penanggung Jawab : Plt. Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Aris Eko Nugroho, S.P, M.Si.
Redaktur : Rully Andriadi, S.S., Akhmad Fikri AF.,Sinarendra Krisnawan, S.Pd.
Editor : Setya Amrih Prasaja, S.S., Kingkin Winanti Nurdiana, M.Pd., Sofa Unnafis, S.Pd.
Grafis, Layout & Ilustrator : Joko Elysanto, Apridhian Purwantoro, Yohanes De Deo Yustiananta, S.Psi., Singgih Indarto, Zita Uttungga Maharani, S.S.
Kontributor : Siti Nurhilmi Nihayati, S.S., Hayu Avang Dharmawan, S.S., M.A., Tinto Bondan Reksoprojo, S.E., Noviani Lestari, S.S., Shifa Maryna Roseva (SMAN 1 Piyungan), Devi Yolandieta (SMAN 1 Piyungan), Stefani Reza Adelani Tomahu (SMKN 4 Yogyakarta), Adisty Oktaviani (SMKN 4 Yogyakarta), Demavi Madya Arga Utami (SMKN 4 Yogyakarta), Isya Tanaya Pratita (SMKN 4 Yogyakarta), Isnaini Budi Utami (SMAN 1 Dlingo), Anita Agnesia (SMAN 1 Dlingo),
Distribusi : MGMP SMA & MGMP SMK DIY.
Alamat Redaksi: Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY-Jalan Cendana 11 Yogyakarta

Daftar Isi

Tabloid Remaja *CARAKITA* edisi Juli 2021
ISSN 2798-1770

TRENDING TOPIK KITA
PJJ (Pembelajaran Jarak Jauh) 3

CERPEN KITA
Balas Dendam 6

CERKAK KITA
Bělik Cěměng 7

ARTIKEL KITA
Jihad Membangun Kepercayaan Diri Nasional 8

Ki Sutatmo Bukit Bangkel 9

CARAKITA 10

PUISI & GEGURITAN KITA 11

HANG OUT KITA
Chingu Cafe 12

SAHABAT SANTUY KITA
Wellya Si Unik 13

HARTA KARUN KITA
Temu Giring 14

PĚPÉLING JAWA KITA
Nglawan Corona 15

INFO KITA
Informasi Lomba 16

Halaman muka tabloid bergambar remaja jawa masa kini tetap pede menggunakan kendaraan lama

BJ BERBAHASA JAWA — PÈPÉLING JAWA KITA

Nglawan Corona

Gaèss, ing jagad sastra budaya Jawa kuwi kěbak makna sinandi. Nadyan nganggo těmbung prasaja, nanging kěbak piwulang luhur. Gayut karo kahanan saiki kang nggěgirisi ati, kěbak kětar-ketir amarga *virus covid-19.* Mula gaèss, masarakat tětěp kudu srěgěp něngěnaké protokol kasarasan. Nganggo maskěr, wisuh, rěrěsik awak, lan ngadohi rubung-rubung. Pawongan sing biyèn ora nganggo maskěr, saiki kudu éling, aja nganti lali maskěran. Guna njaga awaké dhéwé lan njaga wong liya, ngurangi panyěbaran virus corona iki. *Protokol* kasarasan wong Jawa kadya ing unèn-unèn:

Angět-angět wédang jaé

Kěpéngin slamět ning omah waé

Jadah asalé saka kětan

Mlěbu omah wisuh tangan

Rujakan nganggo timun

Wisuh tangan nganggo sabun

Roti bakar wédang kopi

Bali pasar ganti klambi

Ngati-ati nyandhung blarak

Aja lali jaga jarak

Tuku běras kudu ditakěr

Péngén waras nganggo maskěr

Nah, gaèss. unén-unén kasěbut ngěmu pěpéling kanggo awaké dhéwé. Rikala wěktu kudu sěring wisuh nganggo sabun utawa *handsanitizěr.* Yèn bar lělungan, těkan omah kudu adus, rěrěsik kanggo ngilangi rěrěgěd ing awak. Amrihé njaga kasarasan awaké dhéwé lan kulawarga ing omah. Ing papan ngěndi waé kudu sabisa-bisane ngadhi rubung-rubung. Saběn mětu omah kudu nganggo maskěr, ya, gaèss.

Gayut karo anané pěnyakit kang paling disingidi, yaiku Covid-19, awaké dhéwé kudu tansah rěrěsik dhiri lan rěrěsik ati. Gaèss, tuladha rěrěsik dhiri: asring wisuh, nganggo sabun utawa *handsanitizěr*, adus kramas yèn bar lělungan. Rěrěsik ati, kayata *hablumminallah habluminannas,* těgěsé sěsambungan marang Gusti Allah, lan sěsambungan marang manungsa. Nyědhak marang Gusti Allah kanthi cara ngibadah, diakèhi ndědonga nyuwun ayěm těntrěm, séhat běrgas waras. Déné, sěsambungan karo manungsa, ngrakětaké silaturahmi, andhap asor, ngurmati lan ngrěgani wong liya, wani ngalah luhur wěkasané, nampa pituturé liyan tanpa ndělok sapa sing aruh, kanggo gladhèn nglatih ngěndhalèni dhiri. Kajaba kuwi gaèss, awaké dhéwé kudu bisa urip kang prasaja, aja nganti kěgědhèn ěmpyak kurang cagak. Kang pungkasan yaiku, ana catur mungkur supaya bisa ngadohi bab kang ora běcik. (KK)

Kingkin Winanti Nurdiana

TABLOID Remaja CARAKITA
BERAKSARA JAWA

HARTA KARUN KITA BJ

ꦲꦤꦶꦱ꦳ꦤꦤꦶꦠꦤ

Obat Cacingan

ꦤꦤꦶꦱ꦳ꦱꦸꦤꦤ

Tĕmu Giring

Oyot Tĕmu Giring punika kanggé jampi cacingan. Maruta Temu Giring panjang sadriji mawi toya satĕngah cangkir wédang tèh, lajĕng kasaringa ing sinjang, sadèrèngipun kaunjuk kakèndĕlna dangunipun kalih jam. lajeng kaunjuka sadèrèngipun padharan kalĕbĕtan punapa punapa.

ꦲꦤꦶꦱ꦳ꦤꦤꦶꦠꦤ ꦤꦤꦶꦱ꦳ꦱꦸꦤꦤ ꦲ

[illegible]

SAHABAT SANTUY KITA

[illegible] (Daring) [illegible] (Google Form) [illegible] (Google Class) [illegible]

[illegible] (Video) [illegible] (Youtube) [illegible] (VFX/CGI) [illegible] (3D text intro) [illegible]

Isnaini Budi Utami

TABLOID Remaja CARAKITA
BERAKSARA JAWA



HANG OUT KITA

BI BERBAHASA INDONESIA

[illegible]

Penulis :
Devi Yolandieta
Stefani Reza Adelani Tomahu

[illegible]

Chingu Cafe

[illegible]



[illegible]

TABLOID Remaja CARAKITA
BERAKSARA JAWA

[illegible]

MALANG MUJUR Aksara

[illegible]

Pertanyaan:

1.Penguasa wilayah jaman dahulu
2.Salah satu genre tembang Jawa
3.Sinonim dari muda
4.Memberhentikan di jalan
5.Kitab karya Empu Prapanca
6.Berbicara; berucap
7.Kendaraan Dewa Wisnu
8.Bersatu; manunggal
9.Tahun kedelapan dalam windu
10.Anak kucing

CERPEN KITA

[illegible]

Anita Agustin

[illegible]

[illegible]

TABLOID Remaja CARAKITA BERAKSARA JAWA

PUISI KITA

[illegible]

Rena Kurnia, S.

[illegible]

GÈGURITAN KITA

Pangilon Warisan Simbah

[illegible]

Daksawang prěmati pangilon kuna
Ana wěwayangan kang mbiji blaka suta
Apik, ala, běcik, culika
Kabèh maujud ing kaca

Pangilon kang cumanthèl ing cěndhéla
Warisan tinggalan simbah
Aweh piwěling yen wong kuwi kudu jujur
Nadyan sěpélé yén ora jujur
Ing těmbé bakal kaběntur-běntur

Pangilon kang běning bisa kanggo ngilo,
měrga cětha
Sanajan mauné buthěk
Yèn tlatèn dirěsiki
Bakal dadi pangilon kang wěning
Sěmana uga pěpénginan manungsa
Sapa sing tekun
Městhi bakal katěkan

~Kingkin~

Eeeee..........
aksennyaaaaaaa

è seperti pada kata ----> ember
ě seperti pada kata ----> senang
é seperti pada kata ----> bemo

CARA KITA MILENIA Jawa

Kebudayaan	[illegible]
Syair	[illegible]
Santai	[illegible]
Kau	[illegible]
Aula	[illegible]
Entah	[illegible]
Daerah	[illegible]
Mei	[illegible]
Eugenol	[illegible]
Geologi	[illegible]
Kiat	[illegible]
Pasien	[illegible]
Goa	[illegible]
Siul	[illegible]
Suara	[illegible]

CARAKITA

BI BERBAHASA INDONESIA

[illegible]

"Sebuah akronim dari Carakan kita"

Tabloid remaja "Carakita" memiliki dua pengertian yang saling menopang satu sama lain. "Carakita" apabila dibaca tanpa wulu (penanda vocal i) akan terbaca sebagai "Carakata".

CARAKITA : Cara remaja masa kini (Milenia) berekspresi dengan Aksara

CARAKATA : Cara sebuah kata dituliskan dengan Aksara dan Alfabet

Carakan di era digital - sebagai carakita- dalam menulis dan mengekspresikan pikiran untuk keperluan mengungkapkan "cara kita" berbahasa hari ini. Artinya, carakan tak hanya untuk keperluan kepenulisan Bahasa Jawa sebagai asalnya. Tetapi, juga dapat dikembangkan untuk menulis ke Bahasa-bahasa lain semisal Bahasa Indonesia dan Bahasa Inggris.

Warna orange pada penanda wulu menunjukkan kesegaran dan dinamika kaum remaja. Dengan komposisi seperti inilah tabloid remaja "Carakita" ini hadir sebagai media bagi remaja untuk mengekspresikan diri mereka dalam memadukan dua unsur aksara (latin dan Jawa) sekaligus dua pola Bahasa (Indonesia dan Jawa) dalam menulis dan menceritakan dunia mereka hari ini.

Maka, "Carakita" memiliki semangat DARI KITA, UNTUK KITA sebagai CARA KITA menceritakan KITA-KITA para remaja.

Selamat menikmati persembahan ala "Carakita"ini. Yuhuuu.....

BJ BERBAHASA JAWA

CERKAK KITA

[illegible]

Ing désa sing angèl banyu ana bělik sing papané ana pèrèngan sawah, bělik iki iliné těkan kali kulon désa sing dadi sumber panguripané masarakat. Ing bělik kuwi ana rong tuk sing wis dibakèt nganggo bis běton supaya ora jungkur lan gampang anggone nimba, sing siji adat saběné dijupuk banyuné kanggo mangsak utawa ngombé amarga banyuné sing běning rěsik. Déné sing siji ditutup rapět awit ora saběn wayah kěna dibuka, arané bělik cěměng. Bělik cěměng iki ya mung jèjèr ngono waé karo bělik sijiné, mung rada disingidaké. Jaréné kěna dibuka dijupuk banyuné yèn ana sawijining kahanan, yaiku nalika ana wong sing lagi běngkěrěngan. Kaya sing dumadi awan kuwi...

Srokal lan Ropak sing lagi padu ora uwis-uwis. Swarane wong loro iki kěprungu Mbah Carik mantan sing lagi arěp saré. Diěntèn-ěntèni kok ora mandhěg-mandhěg anggoné ramé, Mbah Carik gagé marani Srokal lan Ropak. Těkan nggoné Srokal lan Ropak padha měnthèng kèlèk, Srokal nuding-nuding Ropak sing uga malangkěrik. Bocah ora tata! Batiné Mbah Carik.

Tanpa dinyana Mbah Carik mběngok sura, wooooiiiii...! Kaya sěmut wědi, bocah loro mau měněng banjur ndhingkluk.

"Janjané ana apa, hèh?" Pitakoné Mbah Carik karo nggěgět untu. Rasa gěmrěgět ora bisa diampět manèh.

Srokal lan Ropak padha tuding-tudingan ora wani omong. Diěntèni sauntara ora ana sing gělěm ngaku sapa sing salah, mula Mbah Carik gagé ngomong.

"Yèn dha ora gělěm ngaku, tak gawa ning mbělik cěměng. Ayo budhal! "

Krungu jěněng bělik cěměng, Srokal lan Ropak gidhuh. Atiné mobat-mabit, pikiran nglambrang kudu tumindak kěpiyé. Dhèwèké ora wani mangsuli Mbah Carik, apa manèh madoni yèn dhèwèke ora salah. Yèn sida ning mbělik cěměng sida kojur iki.

"Anu, botěn sah mrika, Mbah. Jané Ropak niku Mbah sing urik. Jatah nggèn kula mèlu parkir ndhèk ésuk dicéngklong." Ropak krungu tuturané Srokal tambah ora trima, sing intiné dhèwèkè ora rumangsa salah, pancén éntuk-éntukan parkir mau ésuk mung sithik, Ropak uga wis mbayari sarapané Srokal barang.

Mbah Carik tansaya mumět ngrungokké cělathu sing ora kěna dipěnggak kuwi banjur nggèrèk Srokal lan Ropak měnyang lor désa papané bělik cěměng. Bělik sing jaré bisa mbuktèkaké sapa sing salah lan sapa sing běněr nalika ana prakara sing angèl dirampungi. Jaréné, wong sing ora ngapusi utawa běněr tumindaké nalika nyidhuk banyuné bělik cěměng iki ora bakal owah wěrna lan rasané. Déné wong sing ngapusi utawa tumindak kècu bakalé owah rupané banyu sing dicidhuk, sanadyan anggoné nyidhuk nganggo timba sing padha, wěktune barěng. Banyu sing ana timbane wong sing kècu bakal owah dadi irěng lan rasané krasa srada pait.

Těkan bělik cěměng, Mbah Carik akon Srokal lan Ropak nimba banyu saka bělik cěměng disěksèni Lék Paing sing lagi ngangsu. Bocah loro mau dikongkon ngombé banyu sing ditimba, déné měngko ana sing ora jujur bab rasané banyu městhi bakal lara wětěngé utawa awaké dadi gěmrěgěs kaya kadhěměn.

Srokal nyawang timbané, èmbèr cilik rupa irěng isi banyu sing běning, ora buthěk. Dhèwèké yakin yèn dhèwèké ora salah, barěng diombé brěng ambuné apěk lan srada pait. Ropak ngiling-ngilingi timbané, kayané banyuné ya rěsik, jěrnih, tur ora mambu apěk, nalika diombé biasa waé ora kěpiyé-kěpiyé. Mosok iya wong loro banyuné rěsik kabèh?

Mbah Carik sing ngěrti kahanané kaya ngono, pasrah ora ngěrti manèh arěp dikěpiyé, měrga anggoné ngombèni banyu bělik cěměng dirasa muspra. Durung sida němokaké cara kanggo mrantasi masalah.

[illegible]

Déning : Sofa Unnafis

Bělik Cěměng



dumadakan Srokal muntah-muntah. Hoèèèèkkkk.....

Srokal lěměs lan dadi tandangan, Lék Paing gagé njupukaké banyu sěka mbělik sijiné. Diulungké Srokal supaya bisa kanggo kěmu lan ngraupi rainé sing katon loyo. Mbah Carik nyědhaki banjur nakoni Srokal. Kěnangapa dhèwèké kok isa nganti muntah-muntah. Sidané Srokal ngaku yèn Ropak anggone nyéngklong asil parkir dina iki ora sěpiroa měrga diěnggo tuku jajan barěng. Ning dhèwèké bola-bali nyéngklong bagèyané Ropak diěnggo sěněngé dhéwé. Srokal nangis, njaluk ngapura marang Ropak. Ropak sing durung mari kagèté mung měndhěm mangkěl, jěbul kancané rakět kuwi sok ngakali dhèwèké.

ARTIKEL KITA BI
BERBAHASA INDONESIA

꧋ꦄꦂꦠꦶꦏꦺꦭ꧀ꦏꦶꦠ꧉

JIHAD MEMBANGUN KEPERCAYAAN DIRI NASIONAL

[illegible]

Sejak kapan kita menyadari rasa percaya diri kita (secara nasional) hilang? Apa akar hilangnya rasa percaya diri nasional itu? Dua pertanyaan yang baru-baru ini muncul di tengah semangat penulis mencoba memahami aspek kesejarahan aksara-aksara nusantara kita. Dan, bagaimana eksistensi aksara-aksara nusantara itu di era digital hari ini?

Dalam sambutan di Kongres Aksara Jawa belum lama ini, Ketua PANDI (Pengelola Nama Domain Internet Indonesia), Prof. Yudho Giri Sucahyo, Ph.D menyatakan bahwa aksara-aksara yang tidak eksis di dunia digital dianggap tidak ada, alias punah. Pernyataan ini mendorong penulis mengajukan pertanyaan lebih lanjut tentang bagaimana nasib aksara-aksara nusantara kita?

Adakah keterkaitan erat antara kepercayaan diri nasional dengan eksistensi aksara-aksara kita? Penulis mencoba mengudar pemikiran bahwa rasa percaya diri nasional kita sangat berkaitan erat dengan eksistensi aksara-aksara nusantara kita di dunia digital hari ini. Dan, diantara sebab hilangnya rasa percaya diri nasional karena kita kehilangan eksistensi aksara-aksara nusantara kita.

Politik Etis Belanda dan Hilangnya Rasa Percaya Diri Nasional

Penulis meyakini diantara sebab hilangnya rasa percaya diri nasional itu adalah saat kita sudah tak lagi terbiasa menulis dengan aksara sendiri. Sebagai negara terbesar diantara negara-negara di Asia Tenggara, aksara kita tidak memiliki karakter nasional kuat. Thailand dan Burma, misalnya, jauh lebih baik dalam hal bagaimana mereka mampu menjaga kepercayaan diri itu dengan menetapkan aksara nasional mereka yang diambil dari eksistensi aksara local mereka sendiri.

Sementara kita saat ini jauh lebih pandai menulis dengan huruf latin daripada menulis dengan aksara-aksara nusantara yang telah ada lebih dahulu. Saya ingin mengatakan aksara resmi kita hari ini adalah produk (pemaksaan) politik yang menyebabkan hilangnya rasa percaya diri jika berhadapan dengan aksara-aksara resmi yang digunakan negara lain.

Akar utama dari hilangnya rasa percaya diri kita antara lain akibat kebijakan politik etis (1901) Belanda di masa lalu dan rangkaian pengaruhnya sampai hari ini. Bagaimanapun kita masih menjadikan politik etis sebagai parameter pemberantasan buta aksara hari ini. seperti kita saksikan, ukuran kesuksesan program pemberantasan buta huruf selalu ujung-ujungya adalah melek huruf latin. Mereka yang pintar menulis aksara-aksara nusantara dan berkarya dengan aksara yang mereka kuasai itu tetaplah dianggap sebagai "si buta huruf" dan harus menjadi obyek pemberantasan.

Setelah 120 tahun perjalanan politik etis itu, kita menyadari sebuah kenyataan tentang nalar kita yang bergeser. Jika kebanyakan aksara-aksara nusantara, aksara Jawa misalnya, lebih menitik beratkan pembentukan karakter lembut, tidak emosional, belajar mendengarkan sebelum menuliskan dan selalu mengedepankan konteks saat membaca naskah (serat), dalam huruf latin kita dipaksa mengubah karakter tersebut dengan kecepatan, pemotongan kalimat sesuai selera. Akibatnya, kita menjadi cenderung simplistic dan suka memotong arah pembicaraan sebelum menjadi pendengar yang baik. Wajah budaya kita berubah. Nalar kita bergeser.

Maka tidak heran apabila generasi muda Jawa hari ini sangat gagap dengan aksaranya sendiri. Dibutuhkan pemahaman terlebih dahulu guna membangun kesadaran baru bahwa belajar aksara sendiri adalah upaya menumbuhkembangkan rasa percaya diri. Aksara kita sesungguhnya bisa bersanding dengan aksara-aksara lain di dunia yang telah lebih dahulu terdigitalkan.

Aksara nusantara dan rasa percaya diri kita

Menggiatkan kembali menulis dengan aksara-aksara nusantara kita akan melahirkan rasa percaya diri baru. Sekurang-kurangnya kesadaran tentang identitas kita akan semakin subur dan menggelora. Cara kita mengekspresikan diri dengan aksara-aksara nusantara yang bisa kita kuasai akan melahirkan kebanggaan. Setidaknya kita bisa mengatakan bahwa aksara kita masih hidup dan diakrabi para penggunanya.

Di dunia digital hari ini tersedia sedemikian luas medium untuk mengekspresikan diri. Kita harus masuk dalam dunia digital itu untuk membangun lagi rasa percaya diri yang hampir punah. Pemerintah pusat tidak bisa hanya mendelegasikan pemeliharaan aksara-aksara nusantara kepada daerah. Menghidupkan aksara-aksara daerah semestinya menjadi kebijakan nasional dan dipayungi undang-undang. Dengan demikian, pembelajaran atas aksara-aksara nusantara berlaku nasional. Aksara-aksara nusantara dapat secara resmi menjadi medium administrasi dan berdiri sejajar dengan huruf latin sebagai aksara nasional.

Hanya saja, sampai hari ini hampir semua aksara-aksara nusantara belum tampak menggeliat di dunia digital. Dibutuhkan kesungguhan untuk memulainya. Bagaimanapun, aksara-aksara nusantara kita semestinya didorong masuk ke dunia digital. Sebab –hari ini—di dunia inilah kita sedang mempertaruhkan eksistensi kita sebagai bangsa. Tujuannya saya kira antara lain; agar kita tidak hanya mahir dalam menulis dengan aksara pinjaman (baca: huruf latin). Namun, sekaligus aksara-aksara nusantara hadir secara eksistensial dan digunakan oleh begitu banyak warga bangsa ini.

Saya dapat membayangkan apabila hal ini dapat terwujud, rasanya kebanggaan dan rasa percaya diri nasional kita akan bangkit dan pulih. Bagaimanapun, menggunakan aksara-aksara nusantara yang ada akan membuat bangsa ini lebih berkarakter. Dunia digital memberi ruang untuk menghidupkan kembali aksara-aksara nusantara yang hampir punah. Maka, menyegerakan penggunaan aksara-aksara nusantara di dunia digital dapat kita artikan sebagai jihad membangun kepercayaan diri nasional. Wallahu'alam.

(**Akhmad Fikri AF**., *Penulis adalah pegiat dan inisiator KAMPUNG AKSARA PACIBITA, Jogjakarta*).



BI ARTIKEL KITA
BERBAHASA INDONESIA

꧋ꦄꦂꦠꦶꦏꦺꦭ꧀ꦏꦶꦠ꧉

Ki Sutatmo

ꦏꦶꦱꦸꦠꦠ꧀ꦩ

ꦧꦸꦏꦶꦠ꧀ꦧꦁꦏꦺꦭ꧀

"Bukit Bangkèl"

[illegible]

[illegible]

DINAS KEBUDAYAAN
(Kundha Kabudayan)
Daerah Istimewa Yogyakarta

POSTER

Apa Ya Arane ?

Seri Kewan lan Anake 1

TABLOID Remaja BERAKSARA JAWA
edisi Juli 2021



Susunan Aksara Jawa Baru dan Pasangannya

ha	na	ca	ra	ka
da	ta	sa	wa	la
pa	dha	ja	ya	nya
ma	ga	ba	tha	nga

Aksara Swara: A I U E O

Aksara ANGKA: 1 2 3 4 5 6 7 8 9 0

Sandhangan Swara		Sandhangan Swara Dirga		Sandhangan Wyanjana		Sandhangan Panyigěg	
+ Suku → Hu		+ Dirga Melik → Hii		+ Cakra → Hra		+ Layar → Har	
+ Wulu → Hi		+ Dirga Mendut → Huu		+ Cakra Kěrět → Hrě		+ Wignyan → Hah	
+ Pěpět → Hě		+ Dirga Mure → Hai		+ Pěngkal → Hya		+ Cecak → Hang	
+ Taling → He		+ D. Mure Raswadi → Hau		+ Panjingan Wa → Hwa		Pangkon → Hap	
+ Taling Tarung → Ho		+ Raswadi → Haa		+ Panjingan La → Hla		PANGKON hanya untuk konsonan akhir kata mandiri atau konsonan akhir kalimat	

TAHUN 2021 Masehi